# SARIBAY SHAYÍR HÁM FOLKLOR

**Qádirniyazova Nargiza Keńesbay qızı**
*Berdaq atındağı QMU magistrantı*
*elek.poch nargizaqadirniyazova@icloud.com*

**Annotaciya.** Bul jumısta Sarıbay shayır poeziyasınıń xalıqlıq dástúrleri menen kórkemlik sabaqlaslığı analiz etiledi. Avtor shayırdıń dóretpelerinde qaraqalpaq folklorınıń janrlıq ózghelikleri hám milliy mánis-mazmunnnıń sáwleleniwin dálillep beredi. Maqalada Sarıbay shayırdıń qaraqalpaq ádebiy tili hám awızeki tili rawajlanıwına qosqan úlesi jańasha kózqaraslar tiykarında bahalanğan. Material ádebiyattanıwshılar, folkloristler hám joqarı oquv orınlarınıń studentleri ushın áhmiyetli derek bolıp xızmet ete aladı.

**Gilt sózler.** Xalıqlıq dástúrler, Sarıbay shayır, janr ózgesheligi, ádebiy tásir, aytıs, quslar patshası, mif, ańız.

Qaraqalpaq xalıq awızeki úlgileri hám klassikalıq ádebiyatı kóp ásirlik rawajlanıw tariyxına, bay kórkemlik dástúrlerine iye. Bul bay miyras hám milliy mádeniyattıń rawajlanıwına, onıń kórkemlik tárepten jánede jetilisiwine óziniń óshpes úlesin qosqan talantlı sóz sheberleriniń biri — Sarıbay shayır esaplanadı. Shayırdıń dóretiwshiligi óziniń kórkemlik dárejesi, tili hám mánis-mazmunı jağınan xalıq turmısı, onıń dástúrleri hám bay folklorlıq derekleri menen tığız baylanıslı. Sarıbay shayır poeziyasın hám onıń folklor menen sabaqlaslığın úyreniw búgingi kúnde qaraqalpaq ádebiyattanıw ilimindegi áhmiyetli máselelerdiń biri. Sebebi shayırdıń qosıqları menen filosofiyalıq tolğawlarında xalqımızdıń ásirler boyı qáliplesken milliy mentalitetligi, kórkem oylaw sisteması hám ádep-ikramlıq kózqarasları sáwlelengen. Shayırdıń folklorlıq motivlerdi, dástúriy janrlardı hám xalıq danalığın óz dóretpelerinde qalay sheberlik penen qollanğanın anıqlaw — onıń ádebiyattağı ornınıń kórkemlik táreplerin ashıp beriwge járdem beredi. Bul maqalada Sarıbay shayır dóretiwshiliginiń xalıqlıq dástúrler menen kórkemlik sabaqlaslığı analiz etiledi. Jumıstıń baslı maqseti — shayırdıń milliy kórkem oylawdı bayıtıwdağı úlesin, onıń poetikalıq til ózgesheliklerin hám folklorlıq dereklerge tayanıw dástúrin jańasha kózqaraslar tiykarında dálillep beriwden ibarat.

Sarıbay shayırdıń «Jarǵanat penen aytısıw» tımsalı aytıs formasında berilgeniniń ózi qaraqalpaq xalqınıń awız eki ádebiyatında qáliplesken aytıs janrınıń tásiri bolsa kerek. Óytkeni aytısta xalıqtıń tágdiri, turmıs tárizi, dúnyaqarası, siyasiy múnásebetleri sáwlelense, «Jarǵanat penen aytısıw» tımsalında da aytıs formasında berilip, xalıqtıń jarlılıqta kún keshirgenligi berilgen. Tómendegi qatarlar arqalı kóriwimizge boladı:

Sarıbay: - Qarap tursam kelbetińe,
Sın-sımbat hámde qálpińe,
Ne bále boldı párińe,
Jardaǵı turǵan jarǵanat.
Jarǵanat: - Basında jaman malaqay,
Sóylegen sóziń bul qalay,
Sın taǵasań maǵan qalay,
Abaylap sóyle adamzat.[22]

**«Jarǵanat penen aytısıw»** tımsalında:

Jarǵanat: - Qalay-qalay aytqan sóziń,
Jin urǵanday eki kóziń,
Shırrıyǵan tırbıq tap óziń,
Abaylap sóyle, adamzat.

Bul qosıq qatarlarındaǵı «jin urǵanday» frazeologiyalıq sózligin ushıratamız.

Jarǵanat: - Bir qudayǵa men jılayman,
Bizge burın qısım qılǵan,
Patshanıń atı Sulayman,
Sonlıqtan joq boldı párim.

Bul qatarlarda burında jeti ıqlımǵa húkimdarlıq etken Sulayman patshanıń atı keltirilgen bolsa, biz bunı folklordaǵı «Mifler hám miflesken ápsanalar» bóliminde «Sulayman payǵambar», «Sulaymannıń ángushtar júzigi», «Sulayman patsha hám kánizek» ápsanalarında da Sulayman patsha obrazı tuwralı aytılǵanın kóriwimizge boladı. Sulayman folklorlıq obrazı Sarıbay shayırdıń tımsalında da paydalanılǵan.

Bunnan tısqarı «Jarǵanat penen aytısıw» tımsalında quslarǵa patsha tárepinen azap berilgenligi, quslardıń bárin jıynap, párlerin juldırǵanlıǵı haqqında aytılsa,

---

[22] Каримов А., Ә.Қожықбаев. Халық шайырлары. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1982-жыл, 13-бет. Еслетпе: Ендиги мысаллар усы топламнан алынады.

qaraqalpaq folklorındaǵı «Mifler hám miflesken ápsanalar» bóliminde «Quslar patshası» ápsanasında da quslardıń patshası bolǵanlıǵı, bul ápsanada da quslardıń bárin jıydarǵanlıǵı tuwralı aytılǵan.

Tımsal menen ápsanada waqıyalardı salıstıra otırıp, kóplegen hádiyselerdiń uqsaslıǵın kóremiz. Máselen, ápsanada:

*Sol waqıtta quslar patshası oylanıp kórse, shańaraqsız, uwıqsız, keregesiz úy bolmaytuǵının ańlap, quslardıń ayaǵınan tusawların alıp, darqan etipti. Sóytse, bayıwlınıń kelgenin kútpey-aq quslardı jula baslaǵan eken, sonda hámme quslardan burın jarǵanattı julǵan eken. Basqa quslarǵa gezek kelgende bayıwlını da alıp kelgen eken. Quslardıń ishinde ǵarǵa menen shımshıq tusawın sheshiwge asıǵıp ushıp ketipti. Jarǵanattıń júnsiz bolıwı, ǵarǵa menen shımshıqtıń adımlamay sekirip júriwi sonnan qalǵan eken.*[23]

Bunda ápsanada quslardıń bárin jıydırıp, olardıń párinen patshanıń úy salmaqshı bolǵanı, patshaǵa bayıwlınıń úy tek párden pitpeytuǵınlıǵın aytqanında patsha quslardıń súyeginde almaqshılıǵı tuwralı aytılǵan.

«Jarǵanat penen aytısıw» tımsalında:

*Sarıbay: - Arqa jaqqa awıstıń,*
*Bul jerge zordan quwıstıń,*
*Aytıp sózimdi tawıstım,*
*Jolıń bolǵay jarǵanatım*[24]

**Ájiniyaz shayır menen Qız Meńeshtiń aytısı**

*Ájiniyaz : - Aq Meńesh, tolǵatqanıń egiz bolsın,*
*Birisi ul, jáne biri qızıń bolsın,*
*Qoyday qozılap, qoyanday egizlep,*
*Tórt jılda tuwǵan balań segiz bolsın,*
*On jılda otıń bası ulǵa tolsın,*
*Esigiń shorı menen qulǵa tolsın,*
*Alǵanıń Bekesh penen qosa aǵarıp,*
*Dáwletiń jıldan-jılǵa kóbeyip,*
*Ózińniń ómir jasıń uzın bolsın.*[25]

---

[23] Қарақалпақ фолклоры. 78-том. Әпсаналар. Куслар патшасы. Нөкис, Илим, 2014. 51-бет.
[24] Каримов А., Ә.Қожықбаев. Халық шайырлары. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1982-жыл, 14-бет.
[25] Қарақалпақ фолклоры. 95-том. Шайырлар айтыслары. Әжинияз бенен Қыз Меңештиң айтысы. (халық варианты) - Нөкис, Илим, 2015. 339-бет.

Joqarıda keltirilgen eki aytısta da aytıstıń sońı tilek tilew, jaqsı niyet etiw mánisinde berilgen. Sarıbay shayırdıń jarǵanatqa jolıń bolǵay dep tilewi menen juwmaqlanadı. Al, Ájiniyaz shayırdıń Qız Meńeshke perzentli bolıwın, jaqsı jasawın, dáwletli bolıp, ómiriniń uzaq bolıwın tilegenligin kóriwimizge boladı.

Sarıbay shayırdıń «Aytarman» yaǵnıy «Shımshıq penen aytıs» tımsalında barlıq párinen ayrılıp, jurday bolǵan shımshıqtıń ayanıshlı jaǵdayǵa túsip qalıw sebebin soraydı. Álbette, tımsalda sóz shımshıq haqqında emes, sol arqalı astarlı túrde miynet adamlarınıń awır turmısı haqqında sóz etiledi. Sarıbay tımsalda shımshıqqa qarata «Palapanıń qızıl shaqa» dese, jarlı balalarınıń jalańashlıǵın «Ólgenge megzer kelbetiń, pársiz qızıl shaqa etiń» dese jarlınıń da ash-jalańashlıǵın, onıń bas kótertpeytuǵın qayǵısın aytqanı bolıp esaplanadı. Ótkendegi xalqımızdıń turmısına názer taslasaq, elde kámbaǵal adamlar kóp boldı. Shayır usılarǵa tiykarlana otırıp, isherge tamaǵı, kiyerge kiyimi joq, ash-jalańash adamlardıń basqalarǵa járdem bermek túwe ózleriniń kún kórip tirishilik etiwiniń múshkil ekenligin óz tımsalında sheberlik penen sáwlelendirgen.

*Sarıbay: -Bar shıǵar kepek qawıǵı,*
*Tabılar meken awıǵı,*
*Men de tarı piskenniń tawıǵı,*
*Dán jónin qalay qılarman?*[26]

Bul tımsalda keltirilgen «*Men de tarı piskenniń tawıǵı*» qatarı qaraqalpaq folklorında ushırasatuǵın «Kimniń tarısı pisse, sonıń tawıǵı[27]» naqılınıń qollanılǵanın kóremiz. Yaǵnıy Sarıbay shayırdıń da turmısı jarlılıqta keshirgenligi aytılǵan.

Sarıbay ómiriniń aqırına shekem jarlılıq, mútájlik turmısta kún keshirgen. Bul tuwralı ol óziniń «Qurısın jasım, qurısın» qosıǵında bılay jazadı:

*Eki kem jetpiske keldim,*
*Qurısın jasım, qurısın,*
*Shıǵıp dúnyaǵa ne kórdim,*
*Qurısın jasım, qurısın.*
*Teńselgen jorǵa minbedim,*
*Jaynatıp kiyim kiymedim,*

---

[26] Каримов А., Ә.Қожықбаев. Халық шайырлары. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1982-жыл, 16-бет.
[27] Қарақалпақ фолклоры. 89-том. Нақыл-мақаллар. - Нөкис, Илим, 2015. 64-бет.

*Joqlıqtan basqa kórmedim,*
*Qurısın jasım, qurısın.*
*Aq pushta etik kiyealmay,*
*Tósekli jerde jatalmay,*
*Bir jaynap-jasnap júre almay,*
*Ótti ǵoy búgin ómirim.*[28]

Qosıqta shayır ómiriniń aqırına shekem joqshılıqtan basqa heshnárse kórmegenligin, miniwge bir jorǵa atı, jaynap jasnap kiyiwge kiyimi bolmaǵanlıǵın tereń nalınıw sezimleri menen súwretlegen. Shayır usı qosıǵında jarlılıq penen birge shańaraǵında ushırasqan baxıtsız hádiyselerdiń biri — balaları qalmaǵanlıǵın aytadı.

*Kóz jasım qabıl bolmadı,*
*Sózime qulaq salmadı,*
*Keynimde perzent qalmadı,*
*Qurısın jasım, qurısın.* [29]

Joqarıdaǵı keltirilgen qosıqta «Sózime qulaq salmadı» qatarındaǵı «qulaq salmadı»[30] turaqlı sóz dizbegin ushıratamız. Bunda qulaq salmadı tıńlamaw, aytqan sózdi tıńlamaw, qılmaw mánilerin bildiredi.

Sarıbay shayır tek folklor kórkemlew quralların qollanıp qoymastan, xalıq danalıǵın óz poeziyasınıń baslı ideyası xızmetine qarattı. Shayırdıń lirikalıq hám filosofiyalıq qosıqlarında xalıq qosıqları, tolǵawlardıń kórkemlik tásiri anıq kózge taslanadı. Shayırdıń folklorlıq motivlerdi sheber qollanıwı onıń dóretpelerine joqarı milliy kolorit hám tásirsheńlik baǵıshlaǵan. Sarıbay shayır miyrasın jańa kózqaras penen úyreniw qaraqalpaq ádebiy estetikası hám milliy kórkem oylawınıń qáliplesiw tariyxın túsiniwge járdem beredi.

[28] Sonda, 16-бет.
[29] Каримов А., Ә.Қожықбаев. Халық шайырлары. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1982-жыл, 16-бет.
[30] Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1985-жыл, 117-бет.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:


1. Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында айтыс. Қарақалпақстан, 1989.
2. Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1985-жыл.
3. Каримов А., Ә.Қожықбаев. Халық шайырлары. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1982-жыл.
4. Қарақалпақ фолклоры. 78-том. Әпсаналар. Қуслар патшасы. Нөкис, Илим, 2014.
5. Қарақалпақ фолклоры. 89-том. Нақыл-мақаллар. - Нөкис, Илим, 2015.
6. Қарақалпақ фолклоры. 95-том. Шайырлар айтыслары. Әжинияз бенен Қыз Меңештиң айтысы. (халық варианты) - Нөкис, Илим, 2015.